



Pou Piblikasyon Imedya: 28/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO DEJA ENSTALE PLIS PASE DE JIGAWAT SOLÈ KOMINOTÈ NAN NEW YORK

Etap enpòtan reprezante ase enèji pwòp pou sèvi 393,000 kay ak reyafime pozisyon eta a kòm pi gwo mache solè kominotè nan Etazini

Kontribye nan senk jigawat enèji solè distribiye ki opere atravè eta a, ak 3.3 jigawat adisyonèl an devlopman

Demontre pwogrè atravè objektif Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè Eta a pou enstale sis jigawat enèji solè distribiye vè 2025

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yo te enstale plis pase de jigawat solè kominotè nan New York – sa ki ase pou sèvi 393,000 kay, reyafime pozisyon Eta a kòm pi gwo mache solè kominotè nan Etazini. Etap solè kominotè enpòtan sa a kontribye nan senk jigawat solè distribiye opere ki atravè eta a, ak 3.3 gigawatt an devlopman. Anons jodi a demontre pwogrè enpòtan nan direksyon pou reyalize objektif Lidèchip klimatik ak Lwa Pwoteksyon Kominotè New York la pou enstale sis gigawat solè distribiye vè 2025, sou wout pou 10 jigawat vè 2030.

"Reyalizasyon solè de jigawat kominotè New York la pwouve angajman nou pou bati yon avni pwòp epi ki an sante", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman kontinyèl nou an nan solè kominotè jenere benefis mezirab pou sante nou, anviwònman nou an, ekonomi nou an, ak pou plizyè milye Nouyòkè ki kapab kounye a jwi bòdwo elektrik ki pi ba, tout sa gras ak kapasite nou pou pwofite enèji solèy la."

Pwojè enèji solè kominotè pèmèt aksè ak enèji solè pou pwopriyetè kay yo, lokatè yo ak pwopriyetè biznis yo ki ka pa gen kondisyon ideyal pou enstale pano solè dirèkteman sou sit yo. Gras ak aranjman sa a, enèji pwòp toujou distribiye pa founisè elektrik regilye yon kliyan an, epi kouran ki pwodi nan pano solè a apwovizyone izin elektrik la dirèkteman. Pandan izin elektrik la ap resevwa enèji pwòp, renouvlab, abòne yo resevwa kredi sou bòdwo elektrik yo pou pòsyon pa yo a nan pwodiksyon sistèm solè a.

Jiska dat, solè kominotè reprezante 61 pousan nan enstalasyon solè total atravè Eta a ane sa a. Anplis de sa, filyè solè distribiye New York la gen ladan kounye a plis pase 8,700 pwojè, kou yo fini yo pral bay 3,297 megawat enèji pwòp, sa ki ase pou alimante

plis pase 600,000 kay New York. Sou baz pwogrè sa a, nan mwa oktòb la, NYSERDA te ouvri yon dezyèm seri demann pou pwogram Solè Kominotè Enklizif ak Solè Elaji pou Tout Moun, ki ansanm vize sekirize plis pase 1,140 megawat solè kominotè ki dedye anvè fanmi ki gen revni ba ak modere (low- and moderate-income, LMI) ak kominote defavorize yo.

Siksè Eta a nan deplwaye solè kominotè konfime pa dènye [rapò](#) Apèsi Mache Solè Wood Mackenzie (Wood Mackenzie Solar Market Insight) ki klase New York kòm lidè nasyonal detoulètan nan enstalasyon solè kominotè, ansanm ak nimewo en an 2023 pou enstalasyon solè kominotè, nimewo de nan solè distribye an jeneral ak nimewo senk pou solè rezidansyèl.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare, "New York fèm nan angajman li pou atenn objektif Lwa sou Klima nou yo, epi chak etap enpòtan yo atenn se yon etap pi pre yon rezo elektrik ki pi fyab, ekitab ak zewo emisyon. Antanke pi gwo mache nan nasyon an, solè kominotè pral kontinye tounen yon modèl enpòtan pou bay enèji renouvlab pwòp, a pri ki ba nan kote ki pa posib pou enstale pano solè sou do kay, pou asire plis Nouyòkè reyalize avantaj resous renouvlab sa a."

Reyalizasyon etap enpòtan sa a te soutni ak sipò solid ki soti nan pwogram NY-Sun NYSERDA a, inisyativ solè siyati 3.3 milya dola Eta a. Kounye a, pwojè enèji solè ki distribye ki enstale, konbine ak pwojè k ap devlope yo, mete eta a 83 pousan nan objektif aktyèl la pou enstale 10 jigawat enèji solè rive 2030.

Direktris Rejyonal Nòdès pou Asosyasyon Endistri Enèji Solè a, Valessa Souter-Kline, te deklare, "Kounye a se moman pou nou double momantòm sa a pou sekirize yon avni ki mache ak enèji solè pwòp ak bon mache nan New York. Endistri solè ak depo a pa ka tann pou l travay ak NYSERDA, Gouvènè Hochul ak lòt lidè pou ranfòse pwogram ki elaji kominote solè yo ak soutni kominote yo atravè eta a."

Kate Daniel, Direktè Rejyonal Nòdès la pou Kowalisyon pou Aksè ak Enèji Solè Kominotè (Coalition for Community Solar Access) a, te deklare, "Etap enpòtan sa a se yon vrè temwayaj angajman patnè nou yo nan NYSERDA, ansanm ak anpil avantaj ki genyen nan solè kominotè a. Nou pa ka tann pou nou travay ak Eta a pou elaji aksè ak solè kominotè menm pi lwen, pou tout Nouyòkè kapab pataje pwomès yon ekonomi enèji pwòp."

Prezidan New York League of Conservation Voters, Julie Tighe, te deklare, Pandan kriz klimatik la vin pi ijan chak jou pi plis epi sante popilasyon nou an ak planèt nou an ap kontinye soufri konsekans dega nan konsome konbistib fosil yo, nou pa ka sèlman pale sou enèji renouvlab ankò, nou bezwen founi pwojè reyèl sou tèren an. Enstalasyon plis pase de jigawat enèji solè se yon gwo etap pou atenn objektif enèji renouvlab eta a ak yon gwo viktwa pou sante piblik ak anviwònman an. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Prezidan NYSERDA Doreen Harris paske yo pran mezi solid pou asire New York se yon lidè nasyonal nan pwodiksyon enèji solè."

Direktè Egzekitif Asosyasyon Endistri Enèji Solè New York (New York Solar Energy Industries Association, NYSEIA), Noah Ginsburg te deklare, "Solè kominotè ogmante aksè ekitab ak enèji pwòp lè li bay Nouyòk yo enèji solè ak ekonomi sou bòdwo sèvis piblik yo, ki gen ladan lokatè ak fanmi ki gen revni fèb yo. Deplwaman rapid solè kominotè sou do kay se kle pou atenn objektif dekarbonizasyon anbisyè New York yo. NYSEIA felisite Gouvènè Hochul, NYSERDA ak endistri solè distribiye a paske yo depase de jigawat kapasite solè kominotè enstale."

Direktè Regilasyon Nòdès pou Vote Solar, Lindsay Griffin, te deklare, "Li enteresan pou wè New York atenn yon etap kominotè solè enpòtan ki pral elaji aksè enèji renouvlab nan plizyè santèn milye kay nan tout eta a. Etap enpòtan nan kad reyalizasyon sa a mete aksan sou pwogrè enpresyonan akoutèm, men objektif solè distribiye ki pi anbisyè ki mennen pi gwo investisman NYSERDA ak NYPA yo esansyèl pou tranzisyon eta a yon fason rapid ak jistis pou pase nan enèji pwòp."

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York

Ajanda klimatik Eta New York la ki se lidè nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. New York, ki oryante pa kèk nan inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, sou pwèn pou reyalize yon sektè enèji zewo emisyon vè 2040, ki enkli 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwaye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 55 milya dola nan 145 pwòjè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk apeprè 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak 100 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sibler polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

ANILE ENSKRIPSYON OU